МКОУ «СОШ №17им. Дацаева М.М.» г.Хасавюрт

Тема общегородского семинара учителей аварского языка и литературы:

# «Система работы учителя по подготовке к олимпиадам по аварскому языку и литературе»

09.01. 2021 год

# Бице,маг1арулал,

# нилъерабго мац1!

Метер маг1арул мац1 хвезе батани ,
Хваги дун жакъаго , жаниб рак1 къвагъун.

Р.Х1амзатов

Г1агараб рахъдал мац1,дир маг1арул мац1,
Дир рек1елъ бессараб,бидулъ бетараб,
Дицаги къела мун рахъдада цадахъ
Дирго лъималазе,ма,босейилан.

Ф.Г1алиева

Миллаталъул ч1ух1и,муг1рузул бух1и,
Цо дур каламалъул киб бугеб багьа?

М.Гунашев

Кинидахъ ах1араб кеч1-маг1арул мац1, Моц1рохъе бицараб маргьа-рахъдал мац1. Т.Зургьалова

Рахъдал мац1 буго инсанасул бищун к1удияб бечелъи
М. Шолохов

Миллаталъул хвел гьеч1олъи, гьелъул мац1алъулъ буго.
Ч.Айматов

*Инсанасул рух1ияб рахъ бихьула, гьесул мац1алдехун бугеб бербалагьиялдаса*
*Л.Н.Толстой*

*Мац1 гьеб буго халкъалъул тарих. Мац1 гьеб буго халкъ цебет1еялъул ва миллаталъул маданиятальул нух,гьединлъидал мац1 лъазаби гьабизе жо т1аг1арав чиясул иш гуро.Гьеб буго гьабич1ого тезе рес гьеч1еб,нилъеца гьабизе т1адаб иш.* *А. Куприн*

*Рахьдал мац1-миллаталъул рух1. Нилъехъа лъуг1улеб буго маг1аруллъиялъул рух1ги,тарихияб мац1ги,хасият-г1амалги,маданиятги,умумузул къадруябщинаб жо рек1елъ ц1униги.*

*Д.Л.Лихачев*

*Авар мац1алъ даим ц1унана Кавказ,*

*Кор боркьарал рагъалъ ругъналги рац1ц1ун.*

*Авар мац1алъ хъвана хвел гьеч1еб тарих,*

*Тана дунялалъе чилъидул дарсал.*

*Маг1арул мац1,дуца ц1унана дир халкъ.*

*Халкъалъ мун ц1унизе заман щун буго.*

*Х1.Г1изудинов*

*Кинаб аваданлъи рокъоб бук1унеб,*

*Рахьдал мац1 лъаларел лъимал ругони!*

# Мастер-класс на тему «Подготовка учащихся 9-11 классов к написанию сочинения-рассуждения на олимпиаде по аварскому языку и литературе»

учителя аварского языка и литературы

Бадрудиновой З.Т.

## I . Цебераг1и.

-Маг1арул халкъалъул къадруял ясал,
Гъале дир дарсида г1одор ч1ун руго.
Сабураб маг1наяб маг1арул калам ,
Щий-щиялъул рек1елъ биун т1ун буго.
-Ассаламу г1алайкум ,дир  пишацоял,
Х1урмат   т1адег1анал муг1алимзаби!
-Биччай маг1арул мац1 ,маг1арул гъасда,
Кидаго гвангъараб бакълъун бук1ине,
Биччай маг1арул мац1 ,маг1арул гъасда
Беролеб,даруяб иццлъун бук1ине.
Нилъей умумухъан ирсалъе щвараб,
Г1адатги г1амалги ц1унун хут1изе.
-Рач1а ,маг1арулал,маг1арул мац1алъ.
Гъуинаб ,берцинаб калам гъабизе.
Рач1а ,маг1арулал ,маг1арул гъасда,
Нилъерго миллатги мац1ги ц1унизе.
- Махщелги камилал,пагьмуги т1ок1ал.
Рач1а дида цадахъ рекъон х1алт1изе.
Бет1ерги чучлъизе х1ухьбахъиялъе,
Раг1икъот1ал  ц1езин ,цо х1албихъизе.

## II. Раг1икъот1.

1. Гьал раг1абазул автор щив колев? «Ват1аналъул т1алаб т1обит1улаго,

Т1ерхъарал ц1вабзазул ,ц1ар к1оченаро»

2. Гьал раг1аби лъил колел?

«Г1агараб авар мац1!

Дир кинабго бечелъи ,дир дарман,дир гьаракь.»

3. Маг1арулазул т1оцеесей халкъияй поэтесса щий кколей? 4. « Дир гьайбатаб Алипба»- т1ехьалъул автор щий кколей?

5. Гьаб сураталда вугев шаг1ирасда ц1ар щиб?



6. Гъаниб гъоркъоб биччараб раг1абазул дандрай хъвай.

Метер ………хвезе батани,

Хваги дун жакъаго,

жаниб рак1 къвагъун

7. Гъаниб гъоркъ кинаб раг1и бахчун бугеб?

## Жавабал.

1.Инхоса Г1алих1ажияв.

2.Расул Х1амзатов

3.Фазу Г1алиева.

4.Тубх1ат Зургъалова.

5.Мух1амад Гунашев.

6.Маг1арул мац1.

7.Сочинение.

-Кин нужеда рак1алде кколеб нилъер жакъасеб дарсил тема щиб кколеб,?

Сундул х1акъалъулъ нилъеца бицине бугеб?

## III Сочинение-рассуждение.

Мурадал:

Тарбия къеялъул.

Г1агараб маг1арул мац1 ц1унизе ва гьеб бокьизе ругьун гьари. Рух1иял рахъал ц1алдохъабазулъ куцай.

Нилъее умумухъан щвараб адабияталъул ирс,маданият,г1адатал ц1унизе.

Лъай къеялъул.

Ц1алараб тексталда т1асан жиндирго пикру загьир гьабизе ва гьелъул тема рагьизе ругьун гьари.

Кколеб тартибги ц1унун сочинение хъвазе ругьун гьари.

Лъай цебет1еялъул.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби.Раг1абазул нахърател бечед гьаби,г1акълу камил гьаби.

-Маг1арул мац1,бол мац1,рахъдал мац1,г1аммаб мац1,литературияб мац1;кинаб къаг1идаялъ абуниги гьеб ккола нилъер мац1,нилъер хазина,нилъер рух1ияб бечелъи.

Бечедабги буго нилъер мац1 адабияталъе къуч1 лъурав Инхоса Г1алих1ажиясул сатираялъги ва гьединго рецц1алъеги адабалъеги жиб мустах1икълъараб тарих,гьеб гьединаб бук1иналъе г1оло чорхол рух1алдаги биялдаги барахщич1ел бах1арзал ,гьелъул х1акъикъат къалмдалъун нахъе ц1унарал ,халкъалъул т1олабго къисмат,ч1аголъи,рек1ел къасдал,пикраби,анищал загьир гьарурал,

гьал нужеда рихьулел ругелщинал ва гьанир гьеч1елщинал шаг1ирзабазул ва хъвадарухъабазул асаразги

## IV. Ц1алдохъабазул церерахъин.

-Гъанже нужее нижер ц1алдохъабаз бихъизабила гьит1инабго сценка.

Зах1мат бихъич1ого ,рах1ат бокьарас,

Бекьич1ого лъилъе ,нилъ гьеч1ого , хур.




-Дунял берцин гьабула бакъалъ,инсан-зах1маталъ.Х1анч1ие къимат кьола боржиналъухъ балагьун,инсанасе-х1алт1ухъ балагьун.Махщелчиясдаса х1алт1и х1инкъула. Зах1маталъ чи кваназавула,к1вах1алъ хвезавула.

-Аралда т1уманк1 реч1ч1ани -бач1унелъ нилъеда г1арада реч1ч1изе буго.

Гьаб т1олабго бечелъи нилъее тана умумуз ва нилъедаги т1адаб буго гьеб т1аде г1олеб г1елалъухъе кьезе.

Гьезие нилъеца ц1унизе х1ажат буго нилъерго мац1ги,миллатги.ц1арги,г1адаталги.

Сочиненияльда ц1ар. ( Карточкабигун х1алт1и)

Раг1абазул къот1елалги данде ран сочиненияльда ц1ар лъугьинабизе.

Квар т1ереньлъун буго нилъер мац1алъул.

Нилъерго рахьдал мац1алъул х1акъалъулъ щивав чиясда т1адаб буго раг1а-ракьанде щун гьеб лъазабизе.

## V. Х1ай «Лъалищ нужеда»

1.Кавказалъул мац1ал г1алимзабаз чан т1елалде рикъулел?

А.3

Б.4

В.5

2.Кинаб мац1алъул т1елалде гьоркьобе унеб маг1арул мац1?

А.Абхаз-адыгеялъул мац1ал

Б.Нахазул мац1ал

В.Картвелазул мац1ал

Г.Ибериялъулгун-Кавказалъул мац1ал

3.Авар литературияб мац1алъе къуч1лъун босун буго:

А.Северияб наречие

Б. Югалъулаб наречие

4. Т1оцеве маг1арул мац1алда т1ад х1алт1арав г1алимчи щив кколев?

А. П.С.Паллас

Б. И.А.Гюльденштет

В. Г.Ю.Клапрот

Г. А.Шифнер

Д. П.К.Услар

5.Чанабилеб соналдаса нахъе байбихьараб «Рахьдал мац1алъул къо» к1одо гьабизе?

А.1969с.

Б.1999 с.

В.2000 с.

6.Щиб къо-моц1алъ к1одо гьабулеб «Рахьдал мац1алъул къо»?

А. 21 октябралъ

Б.Ноябралъул ахирисеб гьат1ан къоялъ

В.21 февралалъ

*VI. -Маг1арул мац1алъул х1акъалъулъ кеч1 хъвач1ев гъелъул ургъел гъабич1ев цог1аги шаг1ир ,ялъуни хъвадарухъан хут1ич1ин абизе бегъула.*

*«Рахъдал   мац1»    Фазу Г1алиева*

*Кеч1 рик1к1ана  Мух1амадова Бикаца .*




*VI. «Рахъдал мац1» Мух1амад Гунащев.*

*Кеч1 рик1к1ана дир йик1арай ц1алдохъан Мух1амадова Асиятица.*



VII.Сочинениялъул тексталда т1ад х1алт1и. (ц1алила)

1.Цебераг1и.Эпиграфлъун бокъарав шаг1ирасул яги хъвадарухъанасул раг1аби росила.

Тема рагьи. Сунда абулеб тема?

Жиндир х1акъалъулъ бицен гьабулеб жо.

Гьаб макъалаялда сундул х1акъалъулъ бицунеб бугеб?

2.Кинаб суал борхулеб бугеб?

борхулеб буго

бицунеб буго

рагьулеб буго

хъвалеб буго

к1вар кьолеб буго

лъолеб буго

3. Баян кьей.

Авторасе сунца рах1ат толеб гьеч1еб?

Щиб нилъеда бич1ч1изабизе бокьун бугеб?

чара гьеч1ого х1ажатаб

киназего г1ахьалаб

киназего г1аммаб

халкъияб

Гьаниб даг1ба базе жо гьеч1о ,х1акъикъаталдаги гьедин буго

Гьаб макъала ц1алараб мехалъ щивав чи ургъизе т1амулев вуго

4.Идея.

Гьаб макъала хъваялъул мурад щиб бугеб ?

Авторасул пикру рит1ухъ гьабун кинаб далил ,х1ужжа  бачине бегьулеб?

5. Мун авторасул пикруялда рази вугищ?

Авторас рик1к1унеб буго…

Живго вит1арав вук1иналда рак1ч1ун буго

Авторас ц1алдолев гьадинаб пикруялде вачунев вуго

Гьаниб  даг1ба  базе  жо гьеч1о

6. Дурго пикру загьир гьабе.

Дун авторасул пикруялда рази вуго

Гьаб ц1аларaб мехалъ цодагьабг1аги жиндир миллаталъул пикру гьабулев чи ургъизе т1амулев вуго

Миллаталъул жиндирго халкъалъул пикру гьабулев чиясе рек1ее к1удияб асар гьабич1ого бук1унаро

7. Дурго г1умруялъул х1албихьиялдаса яги адабияталъул асаралдаса  мисал баче гьаниб борхулеб бугеб суалалде данде кколеб (Рачунел х1ужжаби рук1ине ккола мух1канал х1акъикъиял)

Дида рак1алде щвана…

Нижеца адабияталъул дарсида ц1алун бук1ана…

8. Сочинение лъуг1изабизе бегьула бокьарав шаг1ирасул яги хъвадаругхъанасул раг1абаздалъун

*VIII. Т1адкъай . Мац1алъул х1акъалъулъ щивас жинди-жиндир пикру загьир гьабизе.*

*«Дир пикру»*

*IX. « Карточкабигун х1алт1и.( щивав чияс жиндирго бажариялда рекъон сурат лъугьинабе)*

*Мац1,миллат,маг1арулал.*

*-Рахьдал мац1 гьеч1они бук1ине рес гьеч1о жибго миллатги.*

*Мац1 лъуг1идал лъуг1ула халкъ,тарих,маданият.*

*Рахьдал мац1 бокьулебги гьеч1они ,гьеб ц1унизе х1араккатги бахъулеб гьеч1они –гьеч1о миллаталъул бук1инесеб,гьеб нилъеца к1одо гьабич1они ,чияцаги гьабуларо .*

*Гьанир дие ц1ализе бокьун буго А.Г1абашиловасул раг1аби.*

*Чияр чода рек1ана,*

*Рек1аравго вортана.*

*Дирго чода рек1ана,*

*Рек1ун вуго гьанжеги.*

*Нилъерго мац1ги,ц1арги,г1адаталги,г1амалги,мадиниятги,тарихги ц1унизе Аллагьас сахлъи кьеги киназего.*

*Щивав чиясда лъазе ккола нилъерго мац1 берцинго ,камилго бицине,гьеб бокьизе,гьелдаса ч1ух1изе.*

*Мац1 гьеч1они бук1унаро халкъ,халкъ гьеч1они рук1унаро нилъ.*

*Гьединлъидал нилъ ч1ух1изе ккола маг1арулал рук1иналдаса ва маг1арул мац1алда к1алъазе к1олин абиялдаса.*

*Аллагьас ц1унаги нилъги ,нилъер мац1ги.*

*Рак1-рак1алъ гьарула нуж гьабулеб  ишалъулъ,бицунеб хабаралъулъ,т1амулеб г1умрудул галиялъулъ унго-унгоял маг1аруолаллъун хут1изе.*




*Нуж щалали лъазе ,*

*Лъилали лъазе*

*Лъазе гьабе, бабал ,*

*Эбел инсул -мац1 .*

*Миллатго гьеч1еллъун*

*Хут1унгут1изе,*

*Хвезе тоге, бабал,*

*Бищун лъик1аб мац1.*                    *Тубх1ат Зургьалова.*

*«Малъе ,эбел ,рахьдал мац1!» -бицана Гъазимух1амадов М.*


Машины должны работать.
Люди должны думать.
Принцип компьютера


Машины должны работать.
Люди должны думать.
Принцип компьютера